

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekán

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar saméméhna ngeunaan polah ucapan eksprésif dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Dina ieu panalungtikan kapanggih 98 polah ucapan anu ngabogaan wanda jeung harti nu tangtu. Tina data anu kapaluruh aya opat wanda polah ucapan, nyaéta 1) wanda polah ucapan eksprésif langsung literal; 2) teu langsung literal; 3) langsung tan-literal; jeung 4) teu langsung tan-literal. Ari tina jihat ma’nana kapanggih aya tilu belas polah ucapan eksprésif, nyaéta 1) kakagét; 2) kakeuheul; 3) karumasaan; 4) cumeluk; 5) kabungah; 6) kanyeri; 7) mpuas; 8) tumamprak; 9) ngawilujengkeun; 10) nyarékan; 11) kageuleuh; 12) kukulutus; jeung 13) panghaturan.

Wanda polah ucapan eksprésif lolobana mangrupa polah ucapan eksprésif langsung literal (89 kalimah), ari nu pangsaeutikna nyaéta polah ucapan langsung tan-literal (1 kalimah). Sésana, aya polah ucapan eksprésif teu langsung literal (6 kalimah) jeung polah ucapan eksprésif teu langsung tan-literal (2 kalimah).

Ma’na polah ucapan eksprésif nu dipasing-pasing dumasar hartina anu panglobana kapanggih nyaéta ma’na polah ucapan eksprésif kakeuheul (22 kalimah), anu pangsaeutikna kapanggih nyaéta ma’na polah ucapan mpuas (1 kalimah), ma’na kageuleuh (1 kalimah), jeung ma’na panghaturan (1 kalimah). Sésana, aya ma’na polah ucapan kakagét (17 kalimah), ma’na polah ucapan karumasaan (11 kalimah), ma’na polah ucapan cumeluk (7 kalimah), ma’na polah ucapan kabungah (10 kalimah), ma’na polah ucapan kanyeri (3 kalimah), ma’na polah ucapan tumamprak (15 kalimah), ma’na polah ucapan ngawilujengkeun (3 kalimah), ma’na polah ucapan nyarékan (5 kalimah), sarta ma’na polah ucapan kukulutus (2 kalimah).

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén wanda polah ucapan jeung ma’na polah ucapan polah ucapan eksprésif dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana téh euyeub pisan, basa anu digunakeun ogé

gampang dipikaharti. Ku kituna ieu panalungtikan téh bisa ditalungtik dumasar kana papasingan wanda jeung ma'na polah ucapan eksprésif.

5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan sabada ditengetan, nganalisis jeung ngalarapkeun wanda jeung ma'na polah ucapan eksprésif dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana dipiharep dina dunya atikan, hususna mahasiswa sangkan maham kana wanda jeung ma'na polah ucapan eksprésif.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan medar wanda jeung ma'na polah ucapan eksprésif dina naskah drama “Tukang Asahan” karya Wahyu Wibisana anu ditalungtik maké pamarekan pragmatik. Ku kituna masih perlu diayakeun panalungtikan séjén ngeunaan élmu kabasaan séjénna.

Kadua, sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan téh mibanda polah ucapan eksprésif anu saeutik. Ku kituna, perlu diayaken panalungtikan séjén anu ngagunakeun sumber data nu leuwih réa polah ucapan eksprésifna sangkan data anu kapanggihna leuwih réa rupana.

Katilu, tina wanda jeung ma'na polah ucapan eksprésif dipiharep bisa ngahudangkeun kasurtian dina kahirupan sapopoé, utamana dina komunikasi.

Kaopat, tina ieu panalungtikan kahareupna dipiharep bisa dijadikeun bahan pangajaran anu digunakeun ku guru di sakola, hususna dina materi naskah drama. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjén nu bisa ngajadikeun naskah drama salaku bahan pangajaran di sakola.